

MEKARKEUN SILABUS JEUNG RPP DUMASAR KANA STANDAR KOMPETĒNSI¹⁾

Yayat Sudaryat²⁾

1. Bubuka

Dina ngolah atawa makihikeun pangajaran téh aya tilu hal anu perlu diperhatikeun, nya éta (1) ngararancang, (2) ngalaksanakeun, jeung (3) meunteun. Tahap ngararancang (perencanaan) mangrupa gambaran léngkah-léngkah anu bakal dilaksanakeun dina tahap ngalaksanakeun jeung tahap meunteun. Ari tahap rarancang pangajaran ngawengku cara-cara mekarkeun silabus jeung sistem évaluasi katut nyusun rencana pelaksanaan pembelajaran.

Program pangajaran ditangtukeun ku standar jeung eusi nu tangtu. Standar eusi, nu ngurung *Standar Kompetensi dan Kompetensi Dasar, Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda TK/RA, SD/MI, SMP/MTs, SMA/SMK/MA* mangrupa program pikeun mekarkeun pangaweruh, kaparigelan makéna basa, jeung sikep positip kana basa jeung sastra Sunda. Ieu program téh sipatna masih umum kénéh, anu kudu dimekarkeun deui jadi silabus jeung sistem évaluasi sarta Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP).

Kegiatan mekarkeun silabus jeung sistem évaluasi sarta RPP mutlak diperlukeun dina pangajaran dumasar kana kompetensi. Ieu kegiatan téh kudu dipilampah ku guru. Silabus jeung sistem évaluasi mangrupa sarat mutlak pikeun kahontal henteuna hasil diajar. Ari sababna, ku silabus bakal kagambar kegiatan naon baé nu bakal dipilampah ku murid jeung kumaha cara ngukurna. Satuluyna, sangkan silabus téa leuwih ébréh prak-prakanana (operasional), guru kudu nyusun RPP deuih.

Boh silabus boh RPP kaasup barang anyar tapi heubeul. Disebut anyar lantaran aya istilah-istilah anu anyar, anu dina program saméméhna teu aya. Disebut heubeul lantaran aya konsép-konsép heubeul anu angger dipaké. Ku lantaran aya hal-hal anu rélatif anyar, guru-guru di sakola mindeng tumanya

jeung ngarahuh dina nyusun jeung mekarkeun silabus katut sistem évaluasina. Nya kitu deui, RPP-na. Ku lantaran aya hal-hal anu heubeul, sakapeung guru-guru kurang towéksa dina nyusunna. Keur nyumponan éta kabutuh, nya ieu tulisan dipiharep jadi ubar hanaang kana perluna wawaran perkara mekarkeun silabus jeung RPP-na. Sakurang-kurangna itung-itung “ngabéjaan bulu tuur”.

2. Silabus

Naon ari silabus téh? Silabus nyaéta beungkeutan rarancang jeung susunan kagiatan pangajaran, ngolah kelas, katut meunteun hasil diajar. Silabus mangrupa wujud operasionalisasi kompetensi dasar, pedaran matéri poko anu leuwih spésifik, kagiatan diajar, évaluasi, jeung alokasi waktu. Ilaharna dipidangkeun dina wangun tabél. Ari gunana mangrupa padoman guru dina ngararancang, ngalaksanakeun, jeung ngolah pangajaran. Silabus disusun ku guru di sakola, atawa MGMP bari diaping ku pangawas.

Kumaha prinsip-prinsipna mekarkeun silabus? Sakurang-kurangna aya dalapan prinsip mekarkeun silabus, nyaéta ilmiah, ngamalé (rélevan), ngéntép seureuh (sistematis), ajeg (konsisten), merenah (memadai), nyata (aktual) tur konséptual, sumaér (fléksibel), jeung gembleng (menyeluruh).

Kumaha léngkah-léngkahna nyusun silabus? Dina nyusun silabus téh aya sababaraha tahap anu kudu dipilampah, nya éta (1) ngeusian kolom Identitas Sakola; (b) nengetan jeung nangtukeun Standar Kompetensi; (c) nengetan jeung nangtukeun Kompetensi Dasar; (d) ngidéntifikasi Matéri Poko/bahan ajar katut wincikanana; (e) mekarkeun pangalaman diajar; (f) ngarumuskeun Indikator (cicirén) hontalan Kompeténsi; (g) nangtukeun warna jeung wangun Peniléyan; (h) nangtukeun Alokasi Waktu; jeung (i) nangtukeun sumber diajar. Di handap ieu diwincik hiji-hijina.

a. Ngulik *standar kompetensi* jeung *kompeténsi dasar*

Dina ngulik SKKD saperti nu jinek dina Standar Eusi kudu dumasar kana sababaraha tinimbangan, di antarana baé: (a) runtuyan dumasar hierarki

konsép paélmuan atawa tingkat kasulitan matéri; (b) patalina SK jeung KD dina mata pelajaran; sarta (c) patalina SK jeung KD antar-mata pelajaran.

b. Ngidéntifikasi matéri poko atawa lulugu

Dina ngidéntifikasi matéri poko anu ngadeudeul kahontalna SKKD kudu mertimbangkeun sababaraha hal, di antarana baé: (a) tahap kamekaran fisik, inteléktual, émosional, sosial, jeung spiritual murid; (b) kamangpaatan keur murid; (c) adegan paélmuan; (d) jero jeung legana bahan; (e) kasaluyuan kana kabutuh murid jeung pameredih lingkungan; sarta (f) alokasi waktu.

c. Mekarkeun pangalaman diajar

Pangalaman diajar mangrupa kagiatan méntal jeung fisik anu dipilampah ku murid dina ngayakeun interaksi jeung sumber diajar ku ngagunakeun pamarekan pembelajaran anu rinéka tur ngaktipkeun murid. Pangalaman diajar ngamuat kaparigelan hirup anu perlu dikawasa ku murid. Rumusan pangalaman diajar baris ngeunteungkeun kagiatan ngolah pangalaman diajar murid.

Aya dua rupa kaparigelan atawa kasingeran hirup (*life skill*), nyaéta kasingeran umum (*general life skill*) jeung kasingeran husus (*specific life skill*). General life skill ngawengku kasingeran pribadi (*personal skill*) jeung kasingeran sosial (*social skill*). Personal skill ngawengku kasingeran mikawanoh diri (*self-awareness skill*) jeung kasingeran mikir (*thinking skill*). Specific life skill ngawengku kasingeran akademis (*academic skill*) jeung kasingeran kajuruan (*vocational skill*).

Kasingeran mikawanoh diri ngawengku kasadaran salaku mahluk Pangéran, kasadaran éksisténsi (kahanan) diri, jeung kasadaran poténsi (wewesén) diri. Kasingeran mikir ngawengku kasingeran ngali wawaran, ngolah wawaran, mutuskeun, jeung ngungkulan masalah. Kasingeran sosial ngawengku singer komunikasi lisan, komunikasi tulis, jeung gawé bareng. Kasingeran akademis ngawengku ngidentifikasi variabel, matalikeun variabel, ngarumuskeun hipotesis, jeung ngayakeun panalungtikan.

d. Ngarumuskeun Indikator Hontalan Diajar

Indikator mangrupa wincikan tina KD anu nuduhkeun tanda-tanda, ciri-ciri, paripolah atawa réspon nu dipilampah atawa diragakeun ku murid. Indikator dimekarkeun luyu jeung karakteristik satuan pendidikan, poténsi daérah jeung murid, sarta dirumuskeun dina kecap pagawéan operasional nu kaukur tur bisa dititénan. Indikator dipaké pikeun nyusun pakakas meunteun.

e. Nangtukeun Warna Peniléyan

Peniléyan kahontalna KD murid dilaksanakeun dumasar kana indikator. Meunteun murid bisa maké tés atawa nontés dina wangun lisan atawa tulisan, obsérvasi, unjuk gawé, sikep, hasil gawé atawa produk, portofolio, jeung peniléyan diri.

f. Nangtukeun Alokasi Waktu

Nangtukeun alokasi atawa jatah waktu dina tiap KD didadasaran ku jumlah minggu efektif jeung jatah waktu mata pelajaran per minggu kalawan merhatikeun jumlah KD, legana, jerona, tahap kasulitan, sarta tahap kapentingan KD. Alokasi waktu anu dijinekkeun dina silabus mangrupa pangira waktu anu dipibutuh ku murid pikeun ngawasa KD.

g. Nangtukeun Media jeung Sumber Diajar

Sumber diajar mangrupa acuan, obyék, atawa bahan anu dipaké pikeun kagiatan pembelajaran. Sumber diajar bisa mangrupa media citak jeung éléktronik, narasumber, sarta lingkungan (fisik, alam, sosial, budaya).

Contoh Silabus Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda

Mata Pelajaran : Bahasa Daerah (Sunda)
 Satuan Pendidikan : SMA
 Kelas/Semester : X/1
 Standar Kompetensi : Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara lisan dalam menceritakan pengalaman, berpidato, bercerita (ngadongeng), berdiskusi kelompok, dan bercakap-cakap dalam berbagai situasi.

Kompetensi Dasar	Materi Pokok	Pengalaman Belajar	Indikator	Penilaian		Alokasi Waktu	Sumber Belajar
				Warna Tagihan	Wangun Instrumen		
Berpidato	Pidato untuk berbagai keperluan	<ul style="list-style-type: none"> - Memilih tema pidato yang telah ditentukan (<i>Menggali informasi</i>). - Berpidato dengan baik di depan kelas (<i>Komunikasi lisan</i>). - Menyimak pidato teman sambil mencatat hal-hal penting untuk memperbaiki teks (<i>Komunikasi lisan & tulis</i>). - Memperbaiki teks pidato yang telah disusun (<i>Komunikasi tulis</i>). 	<ul style="list-style-type: none"> - Memilih téma untuk disusun menjadi bahan pidato. - Mampu berpidato dengan memperhatikan lafal, intonasi, nada, dan sikap yang tepat. - Mampu mencatat hal-hal yang diperbaiki dari pidato yang disampaikan teman. - Mampu memperbaiki cara dan isi pidato berdasarkan catatan atau saran teman. 	Tugas individu Praktik	Unjuk kerja Tes lisan Lembar observasi	4 x 45'	Majalah Koran Buku

3. Sistem Évaluasi

Naon tujuan évaluasi téh? Évaluasi atawa peniléyan diayakeun pikeun mikanyaho hasil henteuna kagiatan diajar siswa atawa préstasi diajar murid. Ari ngaranna évaluasi téh lain ngan ukur ulangan, tapi bisa wangun lian. Ku kituna, dina pangajaran kompeténsi, évaluasi téh leuwih keuna disebut “uji kompeténsi”.

Évaluasi dilaksanakeun pikeun nyumponan rupaning tujuan, di antarana baé, pikeun (1) mikanyaho tahap kahontalna kompeténsi murid, (2) ngukur tumuwuh jeung kamekaran murid, (3) nangtukeun atawa ngadiagnosis kasulitan diajar, (4) mikanyaho hasil pangajaran, (5) mikanyaho kahontalna kurikulum, (6) ngadorong murid diajar, jeung (7) ngadorong guru sangkan ngajar leuwih alus.

Dina mekarkeun tés aya 9 léngkah anu kudu ditempuh, nyaéta (1) nyusun spesifikasi tés, (2) nulis soal tés, (3) niténan soal tés, (4) ngayakeun uji coba tés, (5) nganalisis butir soal, (6) ngoméan tés, (7) ngarakit tés, (8) ngalaksanakeun tés, jeung (9) nafsirkeun hasil tés.

Spesifikasi tés ngawengku (a) nangtukeun tujuan tés, (b) nyusun kisi-kisi tés, (c) milih wangun tés, jeung (d) nangtukeun panjang tés. Kisi-kisi soal disusun dina wangun matrik. Ari gunana jadi acuan keur nu nyusun alat évaluasi. Ku ayana kisi-kisi, eusi jeung tahap kasulitan soal bakal rélatif sarua sok sanajan saha baé anu nyusunna.

Kumaha ari warna tagihan téh? Dina uji kompeténsi, sakumna siswa diperedih mampuh nyumponan sakur bahan atawa kagiatan nu diujikeun, anu disebut *tagihan*. Mémang karasa siga dina kagiatan anjuk-ngahutang. Kaharti lebah dieuna mah lantaran siswa anu can nyumponan sakabéh kompeténsi nu dipiharep, bakal terus ditagih. Ku ayana tagihan bakal kapanggih tilu gunduk kompeténsi murid, nyaéta (a) murid luhur, anu perlu dibéré *pengayaan*; (b) murid siger tengah, jeung (c) murid kurang, anu perlu *dirémidi*.

Tagihan nuduhkeun rupining wangun ulangan atawa ujian anu nuduhkeun tahap kamampuh murid dina hiji mata pelajaran. Pikeun nyangreb data jeung wawaran minangka dasar nangtukeun tahap hasil henteuna murid dina ngawasa KD nu diajarkeun, diperlukeun ayana rupining warna tagihan. Aya

sababaraha warna *tagihan*, nya éta (1) kuis, (2) pertanyaan lisan, (3) ulangan poéan, (4) ulangan blok (réndonan rupining kompetensi), (5) tugas individu, (6) tugas kelompok, (7) réspónsi (ujian prakték), jeung (8) laporan kegiatan (praktikum, widyawisata, jsté.).

Kumaha ari wangun tés? Wangun tés mangrupa rupining jawaban nu kudu dipigawé ku murid kayaning wangun eusian singget, pilihan ganda, jeung pedaran. Tahap mikir nu dipaké dina migawé tés kudu ngurung tahap handap nepi ka tahap luhur luyu jeung jenjang pendidikan. Dina jenjang pendidikan menengah, tahap mikir sawadina loba ngalibetkeun pemahaman, aplikasi, jeung analisis.

Wangun instrumén dina évaluasi, bisa mangrupa tés bisa *non-tés*. Wangun tés, dumasar kana sistem nyekorna, bisa mangrupa (1) pilihan ganda, (2) uraian obyéktof (BUO), (3) uraian non-obyéktof (BUNO)/pedaran bébas, (4) jawaban singget atawa ngalengkepan, jeung (5) ngajodokeun. Ari wangun non-tés bisa mangrupa (a) ngaragakeun (unjuk gawé, pinton wewesén, performansi), jeung (b) portofolio (kumpulan tugas-tugas jeung karya siswa katut kamekaranana).

4. Rencana Pelaksanaan Pembelajaran

Nyusun rencana pelaksanaan pembelajaran (RPP) kaasup kana kagiatan ngararancang pangajaran, anu dilaksanakeun sabada nyusun silabus jeung sistem évaluasi. RPP mangrupa rancangan atawa program anu disusun ku guru pikeun hiji atawa dua kali lawungan, geusan ngahontal targét hiji kompetensi dasar (KD). RPP dirundaykeun tina silabus anu geus disusun tur sipatna aplikatif di kelas. Eusina mangrupa gambaran ngeunaan kompetensi dasar anu kudu dihontal, indikator, matéri kukugu, skenario pembelajaran satahap-satahap, katut évaluasi.

RPP dina Kurikulum 1994 jeung dina KBK aya sasaruuan jeung bédana. Babandinganana kieu.

No.	Aspék Pangbéda	RPP Kurikulum 1994	RPP KBK
1.	Hakékat RPP	Pasaratan administrasi unggal widang studi.	Enya-enya rarancang guru ngajar.
2.	Kaitan jeung widang studi lian	Tiap widang studi misah-misah.	Pembelajaran bisa diadumaniskeun jeung widang studi lian.
3.	Rumusan Tujuan	Tujuan diwincik nepi ka bubuk leutikna sarta museur kana pangaweruh.	Tujuan ngan ngagambarkeun kompetensi nu rék dihontal.
4.	Wincikan média	Umumna ngan ukur dicatet.	Wincikan media jeung sumber diajar ngingetan guru kana hal nu kudu ditataharkeun.
5.	Léngkah-léngkah Kegiatan Diajar Ngajar	Tahap-tahap KDN disusun saragem, teu salawasna diperhatikeun.	Léngkah KDN kaasup hal penting, didesain dina wangun skenario pembelajaran nu ngutamakeun kagiatan murid satahap-satahap.
6.	Hasil nu Dihontal	Hasilna réa, tapi déét tur kurang miharti.	Jejerna heureut, tapi jero tur miharti.
7.	Unsur évaluasi	Hasil diajar dipeunteun tina tés tulis.	Hasil diajar dipeunteun tina rupining sumber jeung ku rupa-rupa cara.

Kumaha léngkah-léngkahna nyusun RPP téh? Saenyana mah teu pati béda antara program pembelajaran konvénsional jeung program pembelajaran kontékstual. Anu ngabédakeunana mah ngan lebah puseur panitenna eungkul. Program pembelajaran konvénsional musuer kana dadaran tujuan nu rék dihontal (écés tur operasional), ari program pembelajaran kontékstual museur kana skenario pembelajarannya (prosés). Ari léngkah-léngkah nyusun RPP téh kieu.

- (1) Ngeusian kolom idéntitas (Satuan Pendidikan, Mata Pelajaran).
- (2) Nangtukeun alokasi waktu nu dipikabutuh pikeun lawungan nu geus ditetepkeun.
- (3) Netepkeun Standar Kompetensi (SK), Kompetensi Dasar (KD), jeung indikator nu rék digunakeun nu aya dina silabus téa.
- (4) Ngarumuskeun tujuan pembelajaran dumasar kana SK, KD, jeung

indikator nu geus ditangtukeun.

- (5) Ngidéntifikasi matéri ajar dumasar kana matéri pokok/pembelajaran nu aya dina silabus. Matéri ajar mangrupa pedaran matéri pokok/pembelajaran.
- (6) Nangtukeun métode pembelajaran anu rék digunakeun.
- (7) Nyusun skenario atawa léngkah-léngkah pembelajaran satahap-satahap, nu ngawengku kagiatan awal, inti, jeung ahir. Ieu skenario téh dimekarkeun tina pangalaman diajar dina silabus.
- (8) Nangtukeun sumber diajar anu rék digunakeun.
- (9) Nembrakkeun peniléyan saenyana, nyaéta maké data naon jeung cara nu kumaha murid baris dipeunteunna dina pembelajaran.

Format RPP

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN

Mata Pelajaran : Bahasa dan Sastra Sunda
Satuan Pendidikan : SMA/SMK/MA
Kelas/Semester :
Alokasi Waktu :
Standar Kompetensi :
Kompetensi Dasar :
Indikator :

- I. Tujuan Pembelajaran
- II. Materi Ajar
- III. Metode Pembelajaran
- IV. Langkah-langkah (Skenario) Pembelajaran
 - A. Kegiatan Awal
 - B. Kegiatan Inti
 - C. Kegiatan Akhir
- V. Media dan Sumber Belajar
- VI. Penilaian

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN 4

Satuan Pendidikan : SMA/SMK/MA
Mata Pelajaran : Bahasa Daerah (Sunda)
Materi Pokok : Biantara
Kelas/Semester : IX/1
Alokasi waktu : 1 x pertemuan (2 jam pelajaran)

STANDAR KOMPETENSI

10.2 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara lisan dalam menceritakan pengalaman, berpidato, berdeklamasi, berdiskusi kelompok, dan berbicara dalam pergaulan.

KOMPETENSI DASAR

10.2.2 Berpidato

INDIKATOR

- * Dapat menentukan topik yang menarik untuk dijadikan bahan pidato.
- * Dapat menyusun kerangka pidato.
- * Dapat mengembangkan kerangka pidato secara lengkap dan sistematis.
- * Dapat berpidato dengan baik serta memperhatikan lafal, intonasi, nada/tekanan yang jelas.

I. TUJUAN PEMBELAJARAN

Siswa dapat menyimak, mengungkapkan, menentukan topik, mengembangkan kerangka pidato, dan berpidato dengan baik serta memperhatikan lafal, intonasi, nada/tekanan yang jelas.

II. MATERI AJAR

Pidato (*biantara*) dalam bahasa Sunda dengan topik bebas.

III. DESAIN PEMBELAJARAN

A. Pendekatan Pembelajaran

- Pendekatan Kontekstual
- Pendekatan Kompetensi Komunikatif

B. Metode Pembelajaran

- Metode Langsung
- Metode Menyimak

C. Teknik Pembelajaran

- Teknik Penugasan
- Teknik Resitasi
- Teknik Latihan

IV. KEGIATAN BELAJAR MENGAJAR

A. *Kegiatan Awal*

- Guru menegur sapa dan mengabsen.
- Guru melakukan apersepsi.
- Guru mengkondisikan siswa untuk berpidato.

B. *Kegiatan Inti*

- Siswa memilih topik (*jejer*) pidato yang tepat
- Siswa ditugasi menyusun kerangka pidato dan mengembangkannya menjadi naskah pidato.
- Siswa ditugasi oleh guru untuk menyampaikan isi pidatonya dengan jelas, sistematis dengan bahasa yang santun serta dengan kecepatan yang memadai.
- Siswa ditugasi berpidato dengan penampilan dan improvisasi yang baik
- Siswa ditugasi guru untuk menyempurnakan pidatonya.
- Siswa menyimak pidato yang dilakukan temannya.

C. *Kegiatan Akhir*

- Mengadakan refleksi dan menegaskan bahan pembelajaran
- Postes
- Menjelaskan kegiatan lanjutan, termasuk penugasan.
- Menutup pembelajaran

V. SUMBER BELAJAR

- Buku Pelajaran Bahasa Sunda
- Contoh teks pidato (*biantara*)
- Kamus Bahasa Sunda

VI. EVALUASI (PENILAIAN)

Evaluasi dilaksanakan selama kegiatan belajar mengajar berlangsung.

A. *Jenis Tagihan:*

- Tugas Individu
- Tugas Kelompok

Penilaian Proses

Nama Siswa/Kelompok :

Kelas :

FORMAT PENILAIAN PIDATO (BIANTARA)

Sasaran	Aspek	Kriteria	Skala
Bahasa	a. Lafal	Jelas	5-10
	b. Intonasi (tekanan, jeda, dan irama)	Tepat	5-10
	c. Struktur bahasa	Baku	5-10
	d. Pilihan kata	Kena	5-10
Isi	a. Hubungan isi dengan topik/judul	Sesuai	5-10
	b. Pengembangan isi	Lengkap, padu	5-10
	c. Pemahaman isi	Paham	5-10
Teknik/gaya	a. Penyajian bahan	Baik, lancar	5-10
	b. Ketenangan	Tenang, lantang	5-10
	c. Penampilan (improvisasi)	Sopan	5-10
Jumlah			50 -100

B. *Bentuk Instrumen:* Laporan Kerja Siswa (Terlampir)